

*ENVITASYON  
KONFERANS/DEBA*

*“9 MWA APRE SIKLÒN MATYÈ:  
ANALIZ AK PÈSPEKTIV SOU ÈD”*

*LENDI, 24 JIYE  
ODITORIYÒM, IERAH  
(ANG AVNI KRISTÒF AK FLÈDICHENN)  
4TRÈ – 7TÈ*

*ERNST MATHURIN, GRAMIR, MODERATÈ  
JESSICA HSU, CHÈCHÈ, KÒMANTATÈ  
ROSELINE LAMARTINIÈRE, DSD-FE  
NANCY MARIE SHERLINE SAINT LOUIS, DSD-FE  
ELKINS VOLTAIRE, DSD-FE*

Siklòn Matye se dènye gwo katastwòf ki frape Ayiti, espesyalman depatman Sid ak Grandans nan jou ki te 4 oktòb 2016 lan. Nan sikonstans sa a, menm jan ak lòt anvan yo, anpil aktè lokal, nasyonal epi entènasyonl fè entèvasyon nan lide pou pote èd bay popilasyon sa yo. Men, ki enpak reyèl èd sa yo gen sou kominote yo? Èske kominote yo satisfè ak repons aktè yo pote pandan epi apre evenman siklòn nan? Kijan moun yo santi yo nan fason aktè yo trete yo? Kijan moun yo wè aktè ki entèveni yo? Kijan popilasyon yo sèvi ak resous ki andedan kominote yo epi kapasite rezilyans moun yo pou yo rive fè fas ak katastwòf la? Yon ekip etidyan Fakilte Etnoloji te fè rechèch otou Gran Sid ete 2016. Pami lòt kote, etidyan yo te pase 2 mwa nan Kanperen ak Pòsali nan Sid ak Abriko nan Grandans. Apre siklòn nan, nan mwa Oktòb, ekip la te retounen vizite zòn afekte yo. Epi yo te fè yon rechèch swivi nan mwa Desanm nan. Sou baz sa a, chak te ekri yon rapò kap reponn ak kesyon yo, ki ap lanse sou entènèt nan kreyòl pou angle.